



Pou Piblikasyon Imedya: 06/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO INISYATIV AKSYON POU FWAYE YO

Inisyativ la devlope nan konsiltasyon avèk prensipal ekspès sante piblik nasyonal yo—Dr. Noam Ross ki soti nan EcoHealth Alliance, Dr. Michael Osterholm ki soti nan Inivèsite Minnesota ak ansyen Direktè CDC a, Dr. Tom Frieden

Nouvo inisyativ la prezante kat jwografik fwaye yo dapre dansite ka yo pou adrese pwèn cho COVID yo nan konte Brooklyn, Queens, ak Broome, Orange ak Rockland

Kontravansyon pou pwomotè rasanbleman an mas yo ogmante nan 15,000 dola

Nouvo règleman ak restriksyon yo an vigè pou yon minimòm 14 jou

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon inisyativ aksyon pou fwaye yo pou adrese pwèn cho COVID-19 yo ki te ogmante nan konte Brooklyn, Queens, ak Broome, Orange ak Rockland. Nan travay avèk prensipal ekspès sante piblik yo, Eta New York te devlope yon apwòch ki baze sou lasyans pou atake fwaye sa yo epi pou frennen nenpòt pwopagasyon viris la, gen ladan nouvo règleman ak restriksyon yo ki sible dirèkteman zòn ki gen pi gwo konsantrasyon ka COVID yo ak kominote avwazinan yo. Nouvo règleman yo pral antre an vigè pandan yon minimòm 14 jou.

Yo te devlope plan an nan konsiltasyon avèk prensipal ekspès sante piblik nasyonal yo—Dr. Noam Ross ki soti nan EcoHealth Alliance, Dr. Michael Osterholm ki soti nan University of Minnesota ak ansyen Direktè Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Center for Disease Control and Prevention, CDC) a, Dr. Tom Frieden.

"Yon fwaye se sèlman sa - se yon fwaye ka yo, yon gwo dansite ka yo, epi li enfiltre ak devlope apati fwaye sa a prèske nan sèk konsantrik. Lage yon ti wòch nan letan an, ti wòch la antre ladan, answit genyen yon wonn de (2) wonn, 3 wonn epi wonn yo kontinye nan tout letan an. Lè ou wè fwaye a, ou dwe frennen li nan pwèn sa", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Estrateji nou an se pou nou kraze fwaye a epi frennen pwopagasyon an, epi nou ap anonse yon inisyativ espesyal pou nou jis fè sa. Premye etap, ou pran aksyon ki pi dramatik la nan fwaye a limenm kote ou genyen pi gwo dansite ka yo. Konprann ke moun nan fwaye sa a konekte avèk kominote avwazinan yo, pran aksyon anplis nan kominote ki avwazine fwaye a. Answit kòm mezi prekosyon, pran aksyon nan kominote yo ki nan periferi zòn sa a."

Inisyativ la gen ladan twa etap:

1. Pran aksyon dramatik andedan fwaye a.
2. Pran aksyon nan zòn avwazinan fwaye a pou frenen pwopagasyon an.
3. Pran mezi prekosyon nan kominote ki nan periferi yo.

Inisyativ la pral aplike aktyèlman nan fwaye yo nan zòn yo:

- Konte Broome (Yon Zòn, Jòn) - Klike [Isit la](#) pou Kat jewografik la
- Brooklyn (Yon Zòn, Wouj, Jòn abriko ak Jòn) - Klike [Isit la](#) pou Kat Jewografik la
- Konte Orange (Yon Zòn, Wouj ak Jòn) - Klike [Isit la](#) pou Kat jewografik la
- Queens (De Zòn, Wouj, Jòn abriko ak Jòn) - Klike [Isit la](#) ak [Isit la](#) pou Kat jewografik yo
- Konte Rockland (Yon Zòn, Wouj ak Jòn) - Klike [Isit la](#) pou Kat jewografik la

Inisyativ la pral divize fwaye yo ak zòn ki ozalantou yo a nan twa kategori avèk pi gwo restriksyon yon fason siksesiv nan chak zòn yo:

Zòn Wouj — Fwaye a Limenm

- Tanp Adorasyon yo: 25 pousan kapasite a, 10 moun maksimòm
- Rasanbleman an Mas yo: Entèdi
- Bizinis yo: Sèlman biznis esansyèl yo
- Espas manje yo: Pla pou anpòte sèlman
- Lekòl yo: Fèmen, sèlman adistans

Zòn Wouj — Zòn Avètisman

- Tanp Adorasyon yo: 33 pousan kapasite a, 25 moun maksimòm
- Rasanbleman an Mas yo: 10 moun maksimòm, andedan ak deyò
- Bizinis yo: Fèmen biznis ki anba gwo risk ki pa esansyèl yo, tankou sant jimnastik yo ak swen pèsònèl.
- Espas manje yo: Manje deyò sèlman, 4 moun maksimòm pa tab
- Lekòl yo: Fèmen, sèlman adistans

Zòn Jòn — Zòn prekosyon

- Tanp Adorasyon yo: 50 pousan kapasite a
- Rasanbleman an Mas yo: 25 moun maksimòm, andedan ak deyò
- Bizinis yo: Envite
- Espas manje yo: Espas manje andedan ak deyò yo, 4 moun maksimòm pa tab
- Lekòl yo: Ouvè avèk tès obligatwa chak semèn pou elèv ak pwofesè/anplwaye yo pou etablisman an pèsòn yo. Depatman Sante (Department of Health) Eta New York la pral etabli yon pousantaj pwofesè ak elèv/anplwaye ki bezwen teste opita vandredi.

Aplikasyon desizyon sou zòn yo pral antre an vigè apati demen epi pa pita pase vandredi.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke kontravansyon pou pwomotè rasanbleman an mas yo an vyolasyon règleman sante piblik Eta a pral ogmante nan 15,000 dola.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)